



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 16 MILYON DOLA KI DISPONIB  
KOUNYE A POU AVANSE INOVASYON NAN IDWOJÈN PWÒP**

***Sipòte pwojè rechèch, devlopman, ak pwojè demonstrasyon epi ede pwofite opòtinite finansman Federal***

***Ankouraje itilizasyon idwojèn pwòp nan pwosesis endistriyèl, transpò pwòp, estokaj enèji, ak pou sipò rezo***

***Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè Eta a pou reyalize 100 pousan elekrisite zewo emisyon disi 2040***

Gouvènè Hochul te anonse jodi a plis pase 16 milyon dola ki disponib kounye a pou avanse inovasyon nan idwojèn pwòp atravè Pwogram Idwojèn ak Konbistib Pwòp (Hydrogen and Clean Fuel Program) la. Finansman sa a pral sipòte pwojè rechèch, devlopman ak pwojè demonstrasyon epi tou li pral ede pwofite opòtinite finansman pou idwojèn federal yo, ankouraje itilizasyon idwojèn pwòp nan pwosesis endistriyèl, transpò pwòp, estokaj enèji ak pou sipò rezo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a pou fè tranzisyon nan elekrisite 100 pousan zewo emisyon disi 2040.

"New York ap pran lidèchip pou konstwi yon ekosistèm idwojèn pwòp epi pou devlope endistri ki ap pran nesans lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye ankouraje ekonomi vèt la, avanse konbistib altènatif se yon fason enpòtan pou redwi emisyon nan tout ekonomi an epi kreye nouvo opòtinite travay nan enèji pwòp."

Jere pa Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research ak Development Authority, NYSERDA), finansman sa a disponib kounye a atravè de opòtinite konpetitif nan kad [Pwogram Idwojèn ak Konbistib Pwòp la](#) yon demann RD&D ki evalye a11 milyon dola ak yon demann 5 milyon dola sou yon baz kontinyèl ki kapab bay sipò pataj depans pou antite k ap aplike avèk siksè pou finansman idwojèn federal la pou pwojè ki baze nan New York yo. Jistis anviwònmantal ak pèspektiv pati ki konsène nan kominote ki defavorize yo te enpòtan pou fòme defi ak domèn enterè pou demann yo.

**Doreen Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA, te deklare,** "Atenn objektif anbisyè pou rediksyon emisyon New York la mande pou yon apwòch ki egalman solid pou sipòte inovasyon ak nouvo teknoloji, sa ki montre nan investisman kontinyèl Eta a nan rechèch ak devlopman idwojèn pwòp. Kòm eleman ki pi abondan nan linivè a, idwojèn se yon solisyon natirèl ki bay konbistib pou solèy la epi ki kenbe menm potansyèl pisan an pou tranzisyon enèji pwòp la."

Aplikasyon pou toulede demann yo ka gen yon sèl antite oswa ekip epi yo dwe adrese youn nan senk defi teknik yo ki soti nan aplikasyon endistriyèl pou idwojèn pwòp rive nan veyikil elektrik ki gen selil ki mache ak konbistib idwojèn.

Yo pral aksepte pwopozisyon nan kategori sa yo:

- **Devlopman pwodwi** – Avanse efò ki enpòtan anpil pou devlopman yon pwodwi, sistèm, estrateji, oswa sèvis teknoloji ki ka komèsyalize ak nenpòt tès oswa validasyon yon inovasyon ki pa disponib sou la komèsyal deja epi ki ka mennen nan komèsyalize pwodwi ki fabrike nan Eta New York.
- **Pwojè Pilòt ak Demonstrasyon** – Demontre ak teste teknoloji, sistèm, estrateji, oswa sèvis inovan ki mande pou tès yo rive nan komèsyalizasyon oswa ki deja disponib sou plan komèsyal men ki poko genyen akseptasyon endistri oswa deplwaman enpòtan nan Eta New York.

Sa a se dezyèm faz finansman yo ofri pou pwojè rechèch, devlopman ak demonstrasyon epi yo pral aksepte [aplikasyon](#) jiska **3:00 p.m. nan dat 15 jiyè 2024**. Yo ap evalye pwopozisyon yo te resevwa nan Premye Faz la epi yo prevwa pou jwenn prim nan twazyèmtrimès 2024 la.

[Aplikasyon yo](#) pou opòtinite finansman pataj depansan lan pral aksepte sou yon baz premye vini, premye sèvi jiska **3:00 p.m. nan dat 26 jen 2025**. Pou plis enfòmasyon ak dokiman ki gen rapò ak yo, vizite [sitwèb](#) NYSERDA.

Pou ede pwopozisyon potansyèl yo jwenn patnè pou fè ekip avèk yo pou demann idwojèn sa yo ak alavni, NYSERDA te kreye yon nouvo [platfòm](#) patenarya. Antite ki entere yo ka soumèt enfòmasyon yo volontèman pou idantifye potansyèl patnè pou kolaborasyon.

**Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la Rory M. Christian, te deklare,** "Devlope nouvo konbistib altènatif se yon eleman kle pou pwochen ekonomi enèji pwòp nou an, epi devlope yon sistèm idwojèn pwòp se yon pati nan inisyativ jeneral sa a. Finansman sa a ki nesèsè anpil atravè Pwogram Idwojèn ak Konbistib Pwòp la pral ede devlope ak deplwaye nouvo apwòch pou diminye emisyon yo."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, Basil Seggos, te deklare,** "Investisman enpòtan New York pou fè fas ak defi klimatik ap fè avanse rechèch ak devlopman pou

konplete efò soutni Eta a pou redwi itilizasyon konbistib fosil epi sipòte aplikasyon Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, 16 milyon dola disponib kounye a pou ranfòse rechèch ak inovasyon nan idwojèn pwòp, ede tranzisyon nou an nan yon ekonomi enèji pwòp ak yon anviwonman ki pi vèt."

**Amit Goyal, Direktè Rejyonal pou Idwojèn ak Konbistib ki Fèb an Kabòn, DNV, te deklare,** "Pandan ke kredi taks ki enkli nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon Etazini (Inflation Reduction Act, IRA) an pral amelyore siyifikativman ekonomi pwojè idwojèn pwòp, reyalite a se ke eta endividyèl yo dwe pran mezi dirèk tou pou akselere pwodiksyon ak itilizasyon idwojèn pwòp domestik la. Gouvènè Hochul ak NYSEERDA merite rekonesans pou efò solid yo pou akselere pwodiksyon ak itilizasyon enèji idwojèn pwòp ak fyab nan New York. Inisyativ NYSEERDA pou aplikasyon chalè pou pwosesis endistriyèl yo, estokaj dans ki gen gwo volim, sipòte mikworezo ak pèmèt transpò pwa lou se egzakteman kalite sipò nan nivo eta ki nesesè pou konplete ankourajman federal yo epi ede katalize ekonomi idwojèn lan pi plis."

Inisyativ sa yo te devlope an akò ak [Plan Kadraj](#) Konsèy Aksyon Klimatik ki te idantifye itilizasyon estratejik kabiran ki pa gen anpil kabòn tankou idwojèn pwòp kòm yon eleman enpòtan pou dekarbonize sektè ki difisil pou elektrifye yo. Anplis de sa, jan yo pwopoze nan Plan Estokaj Enèji NYSEERDA a, ki anba konsiderasyon ak Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la, pandan New York ap bouje pou dekarbonize rezo elektrik li a ak enèji renouvlab, omwen 18 jigawat (GW) kapasite estokaj enèji alontèm san kabòn, fèm, distribiyab, obligatwa disi 2050.

Anons jodi a bati sou investisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emisyon ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesesè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [inovasyon NYSEERDA](#) ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm investisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSEERDA ak investisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa yo se atravè Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund, CEF) 6 milya dola pou 10 ane a ak Inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) la. Gen plis enfòmasyon sou CEF la ki disponib sou [sitwèb](#) NYSEERDA. Pou plis enfòmasyon sou RGGI, vizite [sitwèb](#) NYSEERDA a.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan

program Kapital ak Envestisman New York (New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030. ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 40 milya dola nan 64 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon dis 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plis pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)